**ДЕПАРТАМЕНТ ОБРАЗОВАНИЯ МЕСТНОЙ АДМИНИСТРАЦИИ
МУНИЦИПАЛЬНОЕ КАЗЕННОЕ ДОШКОЛЬНОЕ
ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ДЕТСКИЙ САД №2»
ГОРОДСКОГО ОКРУГА НАЛЬЧИК КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

| ПРИНЯТО НА ЗАСЕДАНИИ | СОГЛАСОВАНО С УС | УТВЕРЖДАЮ |
| --- | --- | --- |
| Педагогического совета | МКДОУ «Детский сад №2» | Заведующая МКДОУ |
| Протокол № 1 | Председатель: Л.А.Казанчева | «Детский сад №2» |
| От «01» октября 2020 г. | «01» октября 2020 г. | К.С.Кудаева |
| | | «01» октября 2020 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
# УЧИТЕЛЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА

**Автор-составитель:
Бишенова Марьям Хасанбиевна
(высшая квалификационная категория)**

**Рабочая программа составлена в соответствии с образовательной программой МКДОУ «Детский сад №2», разработанной на основе Примерной образовательной программы дошкольного образования "Детство" Т.И.Бабаева, А.Г.Гогоберидзе, О.В.Солнцева и соответствует требованиям Федерального государственного образовательного стандарта Дошкольного образования. Программа по изучению кабардино-черкесского языка для детского сада: «Сабиигъуэ»- авторы: И.А.Багов, Х.Х.Шомахова, «Анэбзэ»- автор Ацканова.**

**г.о.Нальчик**

**2020г.**

Утверждаю
Директор МКОУ «СОШ №9»
_______ О.А.Коротких
«___» ________ 2019 г.

# Циклограмма рабочего времени
## Учителя кабардино-черкесского языка Бишеновой М.Х.
## МКОУ «СОШ №9» ДО №2 на 2019 – 2020 учебный год

**Образовательная нагрузка: 0.5 ставки; 9 часов в неделю; 3 часа – 3 раза в неделю**

| Дни недели | Время | Виды деятельности |
|---|---|---|
| **Понедельник** | 09:00-09:25<br>09:30-09:45<br>09:55-10:15<br>10:20-10:50<br>10:55-11:20<br>11:30-12:00 | НОД с детьми подготовительной группы №8<br>НОД с детьми средней группы №6<br>НОД с детьми средней группы №5<br>НОД с детьми подготовительной группы №9<br>НОД с детьми старшей группы №7<br>Индивидуальная работа с детьми (разучивание стихов, песен, загадок и т.д.) на родном языке |
| **Среда** | 09:00-09:20<br>09:25-09:45<br>09:45-10:10<br>10:10-10:35<br>10:35-11:00<br>11:00-11:20<br>11:30-12:00 | НОД с детьми средней группы №5<br>НОД с детьми средней группы №6<br>НОД с детьми подготовительной группы №8<br>НОД с детьми подготовительной группы №9<br>НОД с детьми подготовительной группы №10<br>НОД с детьми старшей группы №7<br>Индивидуальная работа с детьми (разучивание стихов, песен, загадок и т.д.) на родном языке |
| **Пятница** | 09:00-09:30<br>09:40-10:00<br>10:20-10:45<br>11:00-11:30<br>11:35-12:00 | Работа с документами<br>НОД с детьми старшей логопедической группы №12<br>НОД с детьми подготовительной группы №10<br>НОД с детьми подготовительной логопедической группы №11<br>Работа с детьми и педагогами по подготовке к утренникам и развлечениям |

**Учитель кабардино-черкесского языка** _______________ **М.Х.Бишенова**

**Программэм и зэхэтык1эр.**

1. Хэзыгъэгъуазэ.
2. Программэм и мурадхэр.
   2.1. Узыншагъэр егъэф1эк1уэн, 1эплъэпкъым зегъэужьын.
   2.2.Бзэм зегъэужьынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ.
   2.3.Есэп.
   2.4.Сенсорнэ гъэсэныгъэ.
   2.5.Сурэт щ1ынымрэ конструированиемрэ.
   2.6.Предметхэр къэгъэсэбэпынымрэ джэгук1эхэмрэ.
3. Тхьэмахуэ зэхуакум дерсхэр зэрытегуэша щ1ык1эр.
4. Лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щ1ык1эр.
5. Илъэсы и к1эм сабийм хузэф1ок1.
6. Диагностикэ.
7. Программэмрэ методикэмрэ я лъэныкъуэк1э и1э щ1эгъэкъуэныгъэ.
8. Тематическэ план.
   8.1. Узынышагъэр егъэф1эк1уэн, 1эплъэпкъым зегъэужьын.
   8.2.Сабиймрэ къэзыухъуреихь дунеймрэ.
   8.3.Бзэм зегъэужьын. Грамотэм хуэгъэхьэзырын.
   8.4.Есэп.
   8.5.Сурэт щ1ын.

1. **Хэзыгъэгъуазэ.**

ЦIыхум и гъащIэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызыубыд Iыхьэщ сабиигъуэр. Мы лъэхъэнэм сабийм дыкъэзыухъуреихь дунейм цIыхухэм, хьэпшыпхэм, езым и гупсысэм, дунейм хиIэ щытыкIэм зытеувэныгъэ егъуэт, зеужь.ар хьэпшыпхэм йоIусэ, ахэм я теплъэм, плъыфэр, инагъыр зрегъащIэ, кIэлъоплъ, дунейр зрегъэцIыху. Къэзыухъуреихь дунейм и къулеягъэм, дахагъэм, макъ зэмылIэжьыгъуэ зэхиххэм абы и гурыщIэр къагъэуш, гупсысэм зрагъэужь, езыр – езыру щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хураджэ.

Гъэсэныгъэ – егъэджэныгъэ лэжьыгъэр сабийм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи зегъэужьыным хуэунэтIащ. Апхуэдэу щыхъукIэ. программэр дидактикэм и хабзэм – зезыгъужь ухуэныгъэм тету зэхэлъхьа хъуащ. Л.С.Выготскэм зэрыжиIэмкIэ, тэмэму къызэгъэпэща егъэджэныгъэм зыужьыныгъэр къешэ. Ещхьыркъабзэу. егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ кууэ зэпхащ, абы къыхэкIкIэ, гъэсэныгъэми зыужьныгъэр къешэ.

Программэм лъэпкъым и культурэр, бзэр, хабзэр, щэнгъасэр хъума зэрыхъун Iэмалхэр къэгъэсэбэпыным хуэунэтIащ.

Iэмал нэхъыщхъэр – ныбжьыщIэм и сабиигъуэр тэмэму къипсэунырщ, къызыхэкIа лъэпкъыр ищIэжу, абы иригушхуэу, и тхыдэм щыгъуазэу, цIыхуагъ хэлъу, и узыншагъэми, и акъылми, и гупсысэми, и бзэми и ныбжьым елъытауэ зыужьыныгъэ етынырщ, иджырей зэманым декIуу псэуфынырщ, гъащIэм хуэхьэзыру къэгъэтэджынырщ.

Программэм щызэпкъырыхащ щэнгъасэмрэ егъэсэныгъэмрэ я мурадхэмрэ къэлэнхэмрэ, къыщыгъэлъэгъуащ темэхэр, сбаийм дек1уэк1 лэжьыгъэм и зэхэтык1эр сабий садым зэрыщы1э зэманымрэ гъэм и зэманхэмрэ ехьэл1ауэ.

«Зэрылажьэ программэм» и 1ыхьэ нэхъыщхьэхэм щыщщ щэнгъасэм, егъэсэным, зегъэужьыным епха «Тематическэ планыр». Абы къыщыгъэлъэгъуащ дерсыр зыхуэунэт1ар, темэр, къэгъэсэбэпыпхъэ литературэр.

Программэм и мурадхэр дерсхэм гъэзэщ1а щохъу. ик1и ар къыщыгъэлъэгъуащ махуэрытх планым: зыхуэунэт1ар, темэр, литературэр, напэк1уэц1ыр, дерсым и №. Дерсхэм творчески ухэлэжьыхьыж мэхъур, сабийхэм я щытык1э епхауэзэхъуэк1ыныгъэхэр хэплъэу.

***Зезыгъэужь дерсым и зэхэлъык1эр:***

* 1ыхьэр – Дыкъэзыухъуреихь дунейр.
* Зыхуэунэт1ар – Дыкъэзыухъуреихь предметхэр.
* Темэ – «Хадэм къыщык1эхэр».
* Мурадхэр: егъэсэн, зегъэужьын, щэнгъасэ.
* Ипэ къихуэ лэжьыгъэ.
* Къэгъэсэбэпыпхъэ предметхэр.
* Сабийм и псалъалъэм и къулеягъэм хэгъэхъуэн.
* 1эмалхэр.

***1эмалыщ1эхэр (инновационные приемы) къэгъэсэбэпынымк1э чэнджэщхэр:***

- Зэпсэлъэныгъэ, диалог щек1эук1ым и деж, упщ1эхэм жэуап щратк1э егъэсапхъэщ и бзэм къыщигъэсэбэпыну мыпхуэдэ псалъэхэр: «сэ сигугъэщ», «сэ сызэреплъымк1э», «сэ сызэрегупсысымк1э», «сэ сощ1э», «мыпхуэдэу щытынк1э мэхъу».
- Сабийм езыр-езыру гупсысэныр хуэгъэдэхэн, и жэуапхэр нэгъэсауэ иту, ар къызыхэк1ари, къыщежьари, аби къэрик1уари зэпилъытэфу, жи1эфу егъэсэн. Псалъэм папщ1э: «Сыту п1эрэ псэущхьэхэм я нэхъыбэм я щ1эжьейхэр гъэм и хуабэгъуэм ирихьэл1эу дунейм къыщ1ытехьэр?». «Гъэм и хуабэгъуэм дунейр къоуш, апхуэдэу щыхъук1э, шхынри, псыри, хуабагъэри ягъуэтынущ ц1ык1унит1эхэм, ахэр ягъуэтмэ, къэхъунущ, ямыгъуэтрэ - къэхъунухэекъым». Сабийхэр щыуэным щ1ыщышынэн шы1экъым, ахэр егъэсэапхъэщ щыуагъэхэм гу лъатэу, зэрагъэзэхуэжыну.
- Сабийм и воображением, фантазием зиужьыныр къегъэблагъапхъэщ.
- Таблицэхэр, схемэхэр, символхэр, знакхэр зэрыхъук1э куэду къэгъэсэбэпын.
- Сабийм тэмакък1ыхьу, пщ1э хуэпщ1у бгъэдэтыпхъэщ, дзыхь зыхэлъ зэхущытык1э зэтегъэувапхъэщ; ф1ыщ1э хуэщ1ын, щыуагъэ балигъым 1эщ1эк1амэ, къыхуигъэгъуну елъэ1упхъэщ; щапхъэк1э, лъэ1ук1э, чэнджэщк1э зыхуэгъэзауэрэ лэжьыгъэ игъэзэщ1эным хуэущиипхъэщ, езым зыхуейр къыхихыну увып1э етыпхъэщ: «Къэфщ1эну фыхуей?», «Фыф1эгъэщ1эгъуэн?», «Нэхъ фигу ирихьыр къыхэфх».
- Дерсым и ек1уэк1ык1эр:

<u>1 1ыхьэ</u>. Ипэ ек1уэк1а дерсым къытегъэзэжын, егъэбыдыл1эн, къыщызэтеувы1ам и деж къыщыпыщэн, сабийм нэхъ тыншу темэщ1эр къыгуры1уэн папщ1э. 1эмалыщ1эхэр къэгъэсэбэпауэрэ, дерсхэр гъэщ1эгъ1уэну къыщ1эдзэн, проблемэ гъэувын, езы сабий губзыгъэм ар тэмэм зэрищ1ын 1эмалыр къегъэгъуэтын. Гъэщ1эгъуэну къызэ1уха дерсым сабийр хуешэ зыгуэр зэф1игъэувэным, мотивацием зэтоувэ - персонаж гуэрхэм е балигъхэм зыгуэр къащыщ1ащ (къутащ, гузэвгъуэ къалъысащ, гуф1эгъуэ къэхъуащ), ахэм ящ1энур ящ1эркъым, пэлъэщкъым, е ахэр я закъуэу 1уэхур зэф1агъэк1ыну хуейхэкъым, ауэ сабийхэм щыуагъэхэр къагъуэтащ, псори зэрагъэзэхуэжащ. Сабихэр дэ1эпыкъуэгъуу, хъумак1уэхэу къыщ1ок1, персонажхэм ныбжьэгъу яхуохъу, ядоджэгу, псалъэ гуапэхэр, ф1ыщ1э зыпылъэхэр къалэжь.

2 Iыхьэ. Дерсым и темэр сабийхэм яжемыIауэ, жэуап зрамытыфыну упщIэхэр етын, ар хуэхъунущ план щIэ гуэр къащIэным, гупсысэщIэ етыным. а) Сытым ещхь? б) Дауэ ар зэрылажьэр? в) Сыт апхуэдэу щIыщытыр? г) Дэнэ ар щыфщIэр? Дауэ абы зызэрихъуэжыр? д) Дауэ епха ар адрей предметхэм? е) Сыт хуэдэ еплъыкIэхэр щыIэ иджыри? ж) Сыт дэ тщIапхъэ? Сыт хуэдэ къэлэн диIэр? 3) Дауэ ар нэхъыфI зэрытщIынур?

3 Iыхьэ. И содержанием ипкъ иткIэ темэщIэм хэпшэ мэхъу:

* къэухьым хэзыгъахъуэ балигъым и рассказкIэ;

*балигъым и рассказымрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ зэпыщIауэ;

*экспериментхэр, опытхэр сабийхэм ягъэзащIэурэ.

Лэжьыгъэр зэрекIуэкIым елъытауэ: сабийхэм я жэуап, балигъыр ныбжьыщIэм доIэпыкъу, сабийхэр моделхэм, схемэхэм долажьэ, абы кърикIуэр псалъэкIэ гъэбелджылащ, е сурэткIэ, знаккIэ, схемэкIэ егъэбыдылIащ. Апхуэдэу балигъыр и дэIэпыкъуэгъуу сабийр йосэ Iэмалыщlэхэр къэгъэсэбэпыным, акъылым, Iэплъэпкъым зеужь.

4 Iыхьэ. ЩIэуэ къищIар иIэ щIэныгъэхэм хэгъыхьэн (егъэбыдылIэн), акъылыр гъэлэжьэн, щIэныгъэщIэм нэхъ кууу щыгъуазэ щIын. ИпэкIэ игъуэта щIэныгъэхэр къигъэсэбэпурэ щIэуэ зыгуэр зэригъэгъуэтыным и Iэпэгъуу гугъуагъ дерсхэм хэгъыхьэн:

* «Сэ зы рассказ гуэр сигу ислъхьащи, упщIэкIэ ар зытеухуар къафщIэт». ЦIыкIухэм упщIэхэр ят: «Ар лъатэрэ?, къипщэпщыхьрэ?, зекIуэрэ?, бауэрэ?, къэкIыгъэ?, псэущхьэ?, цIыху? Пшхы хъурэ?, и плъыфэр сыт хуэдэ?, и теплъэр?, сыт и хабзэ?, сыт гъэщIэгъуэну хэлъ?»

* «Сэ сыхуейщ Iуащхьэмахуэ сывхутепсэлъыхьыну. Сыт абы теухуауэ къэфщIэну фыхуей?» ЦIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэнхэмкIэ упщIэ балигъым ират, балигъми упщIэхэм я жэуапхэр тхылъхэм, энциклопедияхэм къыщигъуэтыну къегъэгугъэ. ИкIи захуегъазэ я унагъуэм ис балигъхэр зыдагъэIэпыкъуу иллюстрациехэр къагъуэтыну, сурэт ящIыну.

* «Фэ нобэ псори фы зоолог - щIэныгъэлIщ, дэ нобэ щомыщым и псэукIэр къэтхутэнущ. Сыт абы теухуауэ къэфщIэну фызыхуейр?» (дэнэ щыпсэур?, и теплъэр зыхуэдэр?, дауэ и щIэжьейр зэрипIыр?, сыт и хьэл-щэн?).

* Творческэ Iэмалхэр хэлъхьауэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр гъэзэщIэн: къэгупсысын, къыхэхын, къэщIэн, къэгъуэтын, зэхэлъхьэн, къэIуэтэн, гупкIэ гуэшын, зегъэхъуэжын, зэхъуэкIын, зэпыщIэныгъэ хуэщIын (мы Iэмалхэм наглядно – образнэ гупсысэкIэр логическэ – практическэм хуешэ, иужькIэ творческэ гупсысэкIэм).

5 Iыхьэ. Дерсыр къызэщIэкъуэжын. Сабийм и бзэм увыпIэ темэщIэм щетын. Зэпсэлъэныгъэ егъэкIуэкIын: «Сыт нобэ гъэщIэгъуэн фщыхъуар?, ЩIэуэ зыгуэр къэфщIа?, Сыт фыхуейт иджыри къэфщIэну?, Сытым гу лъыфта? Сытыр нэхъ къывэгугъуэкIа?». Къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэ етын, Iуэху нэхъыщхьэр къыхэгъэщхьэхукIын, сабий къэс игъуэта ехъулIэныгъэхэр гъэбелджылынзыгуэр щIэуэ къищIэн, къихутэн жэрдэм егъэщIын, щэнгъасэм ехьэлIа лэжьыгъэ къыхэлъхьэн: щабагъ, шыIэ, гущIэгъу, лIыхъужьагъ, лэжьыгъэ фIыуэ лъэгъун. Мотвациемрэ лжьыгъэм и кIэухымрэ зыпэлъытэн.

Дерсхэр я къызэгъэпэщыкIэ ипкъ иткIэ: интегрированнэхэщ, комплекснэхэщ, зезыгъэужьхэщ,джэгукIэ Iэмалхэм тету къызэгъэпэщащ, схемэхэр, моделхэр, нэгъуэщI IэмалыщIэхэр къыщыгъэсэбэпащ.

Гулъытэшхуэ егъуэт сабийм и lэплъэпкъым зегъэужьыным, узыншагъэр хъумэным (физминуткэ, псэущхьэхэм зыпыщlыжын, адыгэ джэгукlэхэр, точечнэ массажым щыщ lыхьэхэр, lэпэрыджэгухэр, бзэгум и гимнастикэ).

Программэм хохьэ диагностикэр.

2. **Программэм и мурадыр.**

Сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи сабий къэс и ныбжь, зэфlэкl, психикэ елъытауэ зегъэужьыныр, егъэсэныр, щэнгъасэ хэлъхьэныр, зэгъэкlуауэ тэмэму ехъулlэныгъэхэр убзыхуныр.

2.1. **lэплъэпкъым зегъэужьын, узыншагъэр хъумэн.**

*Сабийм и узыншагъэр хъумэн. Дерсхэм зэрыхъукlэ и lэплъэпкъыр емызэшыным епха лэжьыгъэ егъэкlуэкlын, зегъэукъуэдиин.

*Зышыlэ, ерууагъ, тегушхуэныгъэ, зэщlэкъуэныгъэ хьэл сабийм зэхилъхьэным елэжьын, творчествэм, фантазием зегъэужьын.

*Физкультурэр гъэщlэгъуэу щыщlын. Джэгухэм хэтыну, къызэригъэпэщыну жэрдэм ищlу егъэсэн.

2.2. **Бзэм зегъэужьынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ.**

* Ныбжьыщlэм и бзэм зегъэужьын: адыгэбзэр къигъэсэбэпу, ирипсэлъэну хуейуэ, и мурадыр, гупсысэр къиlуэтэфу.

* Сабийхэр егъэсэн:

- набдзэгубдзаплъэу, щlэныгъэщlэ зрагъэгъуэтын жэрдэм ящlу;

- сабийм и псалъалъэр къулей щlын, бзэм и пкъыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпыфу, псалъэм и мыхьэнэр фlэгъэщlэгъуэну, ахэр къигъэсэбэпу;

- псалъэм хэт макъхэр къыхигъэщхьэхукlыфу;

- псалъэухам хэт псалъэхэр зэпищlэфу, зригъэlуфу падежкlи, бжыгъэкlи, щхьэкlи;

- диалог, монолог ипигъэкlуэкlыфу, предметхэм, сурэтхэм, схемэкlэ рассказ зэхилъхьэфу, таурыхъ кlэщl цlыкlухэр, къуажэхьхэр къигупсысыфу;

- джэгукlэ lэмалхэр къэгъэсэбэпауэ грамотэм хуэгъэхьэзырын, псалъэхэр пычыгъуэкlэ игуэшу, пычыгъуиткl, пычыгъуищ хъу псалъэхэр псалъэухауэ зэхигъэувэу.

- дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ и гурыlуэныгъэхэм зегъэужьын, хэгъэхъуэн.

- и унагъуэм гъэщlэгъуэныгъэ хухэлъхьэн: и анэ-адэ, и lыхьлы-благъэр ицlыхуу, къызыхэкlа лъэпкъыр ищlэу, ехъулlэныгъэ яlэхэм щыгъуазэу, лъэпкъ жыгыр зэфlигъэувэфу.

* Зи хэкур фlыуэ зылъагъу, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, и лъэпкъым иригушхуэ цlыхуу къэхъуным елэжьын.

* Зыхуитыр ищlэжу, нэгъуэщlым и хуитыныгъэр ихъумэу егъэсэн.

* Къэбэрдей – Балъкъэрым, Россием техуауэ щlэныгъэ бгъэдэлъхьэн, ди къалащхьэ Налшык гъэщlэгъуэнагъ етын. Гербыр, гимныр, бэракъыр егъэцlыхун.

* Нэгъуэщl лъэпкъ ди щlыпlэм щыпсэухэм пщlэ хуегъэщlын, ди лъэпкъ культурэмрэ ахэм я культурэмрэ щыгъуазэ щlын.

* Къэралым, республикэм игъэлъапlэ махуэшхуэхэм щыгъуазэ щlын, космосым, щlэныгъэм, спортым, лэжьыгъэм епха ехъулlэныгъэ иlэхэм щlэгъэдэlун.

* Цlыхумрэ ди природэмрэ яlэ зэпыщlэныгъэхэм щlэгъэдэlун, экологическэ гъэсэныгъэм и лъабжьэр гъэтlылъын.

* Псэ зыlут псоми гущlэгъу хуищlу, щысхь иlэу егъсэн.

* Псэущхьэм и хэщlапlэм, и теплъэм, псэукlэм иlэ зэпыщlэныгъэм гу лъегъэтэн.

2.3. **Есэн.**

* 10-м нэс бжэфу, бжыгъэхэм я зэхущытык1эр къыгуры1уэу егъэсэн.
* предметым и плъыфэр, теплъэр, инагъыр къихутэфу егъэсэн.
* план, схемэ зэхигъэувэфу егъэсэн.
* тхьэмахуэм и махуэхэр, мазэхэр, гъэм и зэманхэр зэхигъэк1ыфу егъэсэн.

2.4. **Сенсорнэ гъэсэныгъэ.**

* Зэхэзыщ1э органхэм зегъэужьын: нэхэм, тхьэк1мэхэм, мэ къыщ1ихьэным, 1эф1агъ-дыджагъ зэхэгъэк1ыным, 1эмпхъампэхэм.
* предметхэм, къэхъукъащ1эхэм к1элъыплъу, хэплъэу, щ1эдэ1уу егъэсэн. Предметхэр зэхигъэк1ыфу я теплъэ, щытык1э, плъыфэ елъытауэ хуэгъэсэн.

2.5. **Сурэт щ1ын.**

* Сурэт темэм епхауэ ищ1ыфу, ц1ыху, псэущхьэ, природэ сурэт ищ1ыфу, плъыфэ хуэфащэр къыхихыфу, инагъ-ц1ык1уагък1э зыхуихьыфу егъэсэн.
* Адыгэ тхыпхъэщ1ыпхъэхэм щыгъуазэ щ1ын, ахэр къигъэсэбэпыфу егъэсэн.

2.6. **Предметхэр къэгъэсэбэпынымрэ джэгук1эхэмрэ.**

* Дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ я1э щ1эныгъэр сабийхэм щыджэгук1э къагъэсэбэпу егъэсэн. Езыр-езыру джэгухэр къызэхаублэу, хабзэхэр ягъэзащ1эу гъэсэн.
* Зэныбжьэгъугъэ я зэхуакум дэлъу, нэхъ къаруушэм къыщхьэщыжу, дэ1эпыкъуу гъэсэн.
* Театрализованэ дерсхэр яф1эгъэщ1эгъуэн щ1ын, театр къагъэлъэгъуэну жэрдэм егъэщ1ын.

3. **Дерсхэр тхьэмахуэ зэхуакум, мазэм, илъэсым зэрытегуэшар.**

| Группэхэр, дерсыр зэрек1уэк1ыпхъэ дакъикъэ бжыгъэр | Тхьэмахуэ зэхуакум и к1уэц1к1э хуэзэ дерс бжыгъэр | Мазэ зэхуакум хуэзэ дерс бжыгъэр | Илъэсым и к1уэц1к1э хуэзэ дерс бжыгъэр |
|---|---|---|---|
| Нэхъыщ1э (дакъ. 15) | 1 | 4 | 36 |
| Ику ит (дакъ. 20) | 2 | 8 | 72 |
| Нэхъыжь (дакъ. 25) | 2 | 8 | 72 |
| Школым хуагъэхьэзыр (дакъ. 30) | 2 | 8 | 72 |

Гъэ еджэгъуэм къриубыдэу дерс 72 мэхъу.

4. **Лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щ1ык1эр.**

Сабийм и къэухьым зригъэужьыурэ балигъым ныбжьыщ1эхэр игъусэу дыкъэзыухъуреихь дунейм к1элъоплъ, усэхэр гук1э ирегъащ1э, художественнэ тхыгъэхэр ирегъэц1ыху, адыгэ джэгук1эхэр ирегъащ1э, хабзэм щыгъуазэ ещ1, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ирегъэк1уэк1. Къуажэхьхэр, псалъэжьхэр ирегъащ1э, театр дерсхэм драматизацием гъунэгъу щыхуещ1, щегъэув, музыкально-литературнэ пщыхьэщхьэхэр къызэрегъэпэщ.

5. **Илъэсым и к1эм сабийм хузэф1ок1.**

5.1. 1эплъэпкъым зегъэужьын, узыншагъэр хъумэн.

* И пкъыр захуэу е1ыгъыф.
* Джэгухэм хэтыфщ, и хабзэхэр егъэзэщ1эф.
* Джэгур зэхеублэф.

5.2. Сабиймрэ къэзыухъуреихь дунеймрэ.

* Экологием и к1уэц1к1э щы1э зэпыщ1эныгъэхэр къыбгурегъэ1уэф, ц1ыхум природэм хуи1э щытык1эм щыгъуазэщ.
* Мэз, губгъуэ, хадэ къэк1ыгъэхэм щыгъуазэщ; унэ псэущхьэхэмрэ хьэк1экхъуэк1эхэмрэ зэхегъэк1, Тыль Плъыжьымк1э гуры1уэныгъэ и1эщ, ди щ1ып1эм къыщык1хэмрэ псэущхьэхэмрэ ещ1э.
5.3. Бзэм зегъэужьын.
* Зэпсэлъэныгъэхэм хэтщ: упщ1э егъэув, жэуап ет, жэуапым и пэжагъыр къе1уатэ.
* Макъыр дримышейуэ, шы1э хэлъу мэпсалъэ, бзэ1эф1агъ хэлъщ, ф1ыщ1э зэращ1 псалъэхэр къегъэсэбэп.
* «Макъ», «псалъэ», «псалъэуха», «пычыгъуэ» къарак1ыр ещ1э, макъым и щытып1эр псалъэхэм къыщегъуэт.
* Таурыхъ, усэ же1эжыф, рассказ зэхелъхьэф, драматизацием хотыф.
5.4. Художественнэ литературэ.
* Усэ, рассказ, таурыхъ, хъыбарыжь, къуажэхь жанрхэр зэхегъэк1. Ф1ыуэ илъагъу литературнэ тхыгъэхэр къре1уэ.
* Усит1-щы гук1э къоджэ, къуажэхьит1-щы къещ1эж.
* Тхыгъит1-щым я авторхэр къе1уэ.
5.6. Сурэт щ1ын, конструирование.
* Лъэпкъым къыдек1уэк1 тхыпхъэщ1ыпхъэхэр ец1ыху, ахэр сурэту ещ1.
* Предметым и плъыфэри, инагъ-ц1ык1уагъри, теплъэри же1э.
* таурыхъым, рассказым, природэм ехьэл1а сюжетхэр зэхегъэувэ.

6. **Диагностикэ.**

6.1.Гъэ еджэгъуэм и к1уэц1к1э 2 (сентябрь, апрель) сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къэзыхутэ лэжьыгъэ йок1уэк1. Ар хуэгъэзащ сабийм и бзэм зегъэужьыным, есэпым, къэзыухъуреихь дунейм. Диагностикэм къигъэлъэгъуам ипкъ итк1э лэжьыгъэр къызэгъэпэща мэхъу.

7. **Программэмрэ методикэмрэ я лъэныкъуэк1э и1э щ1эгъэкъуэныгъэ.**

7.1. Р.М.Ацканова. Анэбзэ. Методическое пособие для учителей кабардинского языка дошкольной ступени образования. Нальчик. 2008 г.
7.2. Веракса. От рождения до школы. Программа воспитания и обучения в детском саду.
7.3. Успех. Программа воспитания и обучения в детском саду.
7.4. Л.Б.Фесюкова. Воспитание сказкой. Харьков. Фолио. 1996 г.
7.5. И.В.Скворцова. Логопедические игры. Для детей 4 – 6 лет. Москва. ЗАО ОЛМА Медиа Групп. 2008 г.
7.6. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий во второй младшей группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.
7.7. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий в старшей группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.
7.8. А.В.Аджи. Коспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. Развитие речи. Обучение грамоте. Ознакомление с художественной литературой. Воронеж. 2006 г.
7.9. Т.М.Бондаренко комплексные занятия во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.

7.10. . Т.М.Бондаренко комплексные занятия в подготовительной к школе группе детского сада. Воронеж. 2006 г.
7.11. Н.А.Рыжова. Не просто сказки. Экологические рассказы, сказки, праздники.москва. ЛИНКА-ПРЕСС. 2002 г.
7.12. инновации в логопедическую практику. Методическое пособие для дошкольных учреждений. Москва. ЛИНКА-ПРЕСС. 2008 г.
7.13. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий во второй младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.
7.14. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в средней младшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.
7.15. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в старшей группе детского сада. Воронеж. 2006 г.
7.16. В.Н.Волчкова, Н.В.Степанов. Конспекты занятий в подготовительной к школе группе детского сада. Воронеж. 2006 г.
7.17. Л.М.Тенгизова. театрализованные занятия на кабардинском языке. Методическое пособие для учителей кабардинского языка, методистов ДОУ, родителей. Нальчик. 2004 г.

**Тематический план. Младшая группа.**

| Месяц | Неделя | №№ | Тема |
|---|---|---|---|
| сентябрь | 1 | 1 | Сабийм и зэф1эк1ыр къэхутэн |
| | 2 | 2 | |
| | 3 | 3 | Хьэ ц1ык1умрэ, хьэшхуэмрэ ди хьэщ1эщ. |
| | 4 | 4 | «Ди хьэ бацэр» - усэм егъэдэ1уэн, я гум ирегъэубыдэн. |
| октябрь | 1 | 5 | Джэду ц1ык1ур ди хьэщ1эщ. Усэ «Джэду ц1ык1ур къэущащ» егъэдэ1уэн. |
| | 2 | 6 | Данэ – гуащэр ди хьэщ1эщ. Усэ «Ди-ди» егъэдэ1уэн. |
| | 3 | 7 | Нанэ и п1щ1ант1эм щыпсэухэр. |
| | 4 | 8 | «Бжьыхьэ» усэм егъэдэ1уэн. |
| ноябрь | 1 | 9 | Таурыхъ егъэдэ1уэн. Урыс псысэ «Дыщэ джэдык1э». |
| | 2 | 10 | Хадэхэк1хэр. |
| | 3 | 11 | Урыс псысэ «Дыщэ джэдык1э» къэщ1эжьын. |
| | | 12 | Унэ псэущхьэхэр. |
| декабрь | 1 | 13 | Хьэпшып зэмыл1эужьыгъуэ къэгъэсэбэпык1эрэ, плъыфэхэр |
| | 2 | 14 | Щ1ымахуэр къэсащ. Усэ «Уэс, уэс». |
| | 3 | 15 | Щ1ымахуэм унагъуэ псэущхьэхэр. |
| | 4 | 16 | Илъэсыщ1э. Щ1ы1э Дадэм дыпоплъэ. |
| январь | 2 | 17 | Илъэсыщ1э. Усэ «Илъэсыщ1э». |
| | 3 | 18 | Илъэсыщ1э. Сурэтхэм еплъын, тепсэлъыхьын. |
| | 4 | 19 | Мэз псэущхьэхэр. |
| февраль | 1 | 20 | Мэз псэущхьэхэр щ1ымахуэм. |
| | 2 | 21 | Таурыхъ егъэдэ1уэн. Урыс псысэ «Лэкъум хьурей». |
| | 3 | 22 | Плъыфэхэр къэпщытэн. Дидэктическэ джэгук1эхэр къагъэсэбэпын. |
| | 4 | 23 | Ди адэхэм я махуэ. |
| март | 1 | 24 | Усэ «Мамэ» Къэзан Фатима. |
| | 2 | 25 | Дуней псом анэхэр ягъэлъап1э. |
| | 3 | 26 | Таурыхъ «Джэд ц1ык1у». |
| | 4 | 27 | Дунейм дахэу зехуэпэж. |
| апрель | 1 | 28 | Къуалэбзухэр. Усэ «Си бзу ц1ык1ухэр». |
| | 2 | 29 | Унэ псэущхьэхэм я щ1эжьейхэр. |
| | 3 | 30 | Илъэсыщ1э. Щ1ы1э Дадэм и пхъуэнтэр. |
| | 4 | 31 | Илъэсыщ1э псейр ди хьэщ1эщ. |
| май | 2 | 32 | Таурыхъ ф1ыуэ долъагъу. «Бэлыджэ» |
| | 3 | 33 | Плъыфэхэр къэпщытэн. Дидэктическэ джэгук1эхэр къагъэсэбэпын. |
| | 4 | 34 | Таурыхъыр ди хьэщ1эщ. «Лэкъум хьурей». |

***Литературэр:***


1. Сабий садхэм папщ1э тхылъ. Ацкъан Ритэ. Нальчик, 2008г.
2. В.Н. Волочкова, Н.В. Степанова. Конспекты затятий в младшей группе детского сада. Экология. ТЦ Учитель. Воронеж, 2004г.
3. А.В.Аджи. Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. ТЦ Учитель. Воронеж, 2006г.
4. Аф1аунэ Лиуан. Псынэ ц1ык1у.
5. Хьэгъундокъуэ Рэмэзан. Лэгъупукъу.
6. Губжокъуэ Лиуан. Къэрабэ.

**Тематический план. Средняя группа.**

| Месяц | Неделя | № | Тема |
|---|---|---|---|
| ***сентябрь*** | 1 | 1 | Сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къезыхутэ лэжьыгъэ (мониторинг уровня развития) |
| | | 2 | |
| | 2 | 3 | |
| | | 4 | |
| | 3 | 5 | Бжьыхьэ – жыгхэм я плъыфэхэр егъэлъэгъун, жыгым къыпык1эхэр. |
| | | 6 | Хадэхэк1хэм тепсэлъыхьын, дедактическэ джэгук1эхэр къэгъэсэбэпын. |
| | 4 | 7 | Театр егъэлъэгъун-унэ псэущхьэхэр къызэщ1иубыдэу. |
| | | 8 | Усэ «Бзу ц1ык1у» Щоджэн Леонид. |
| ***октябрь*** | 1 | 9 | Хьэпшып зэмыфэгъухэр-плыфэхэр егъэщ1эн. |
| | | 10 | Усэ «Бжьыхьэ» Тау Ф. |
| | 2 | 11 | Хадэхэк1хэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ-нэрылъагъу къэгъэсэбэпын. |
| | | 12 | Данэ гуащэр ди хьэщ1эщ. |
| | 3 | 13 | Театр «Бажэмрэ хьэхэмрэ» |
| | | 14 | Плъыфэхэр зыдогъащ1э. |
| | 4 | 15 | Гъэсак1ухэм я махуэ. Нэгузыужь къызэгъэпэщын. |
| | | 16 | Къуалэбзу лэтэжхэр. |
| ***ноябрь*** | 1 | 17 | Бжэк1э зыдогъащ1э. |
| | | 18 | Усэ «Нобэ бжэк1э зызогъэщ1э». |
| | 2 | 19 | Анэ псоми я махуэщ. |
| | | 20 | Унэ псэущхьэхэмрэ. мэз псэущхьэхэмрэ. |
| | 3 | 21 | Таурыхъ «Лэкъум хъурей». |
| | | 22 | Къуалэбзухэр. |
| | 4 | 23 | Усэ «Нобэ бжэк1э зызогъэщ1э» къэщ1эжын. |
| | | 24 | Джэгук1э «хэт дэпхуэдэу к1ийрэ». |
| ***декабрь*** | 1 | 25 | Гъэм и зэманым и зэхъуэк1ыныгъэм к1элъыгъэплъын. |
| | | 26 | Щ1ымахуэр къэсащ. Усэ «Уэск1урий». |
| | 2 | 27 | Щ1ымахуэм унагъуэ псэущхьэхэр. |
| | | 28 | Мэз псэущхьэхэр щ1ымахуэм. |
| | 3 | 29 | Сабийхэм ин-ц1ыу1у псалъэр къагъэсэбэпу, хьэпшыпым ирапхыфу егъэсэн. |
| | | 30 | Илъэсыщ1э. Сурэтхэм еплъын, тепсэлъыхьын. |
| | 4 | 31 | Усэ «Илъэсыщ1э» Къэжэр Перт. |
| | | 32 | Илъэсыщ1э псей дахащэ. |
| ***январь*** | 1 | | Зыгъэпсэхугъуэ |
| | | | |
| | 2 | | |
| | 3 | 33 | Таурыхъ «Бажьэмрэ хьэмрэ» |
| | | 34 | Джэгук1э «Мыр сыт хуэдэ псэущхьэ». |
| | | 35 | Плъыфэхэр къэпщытэн. Дидэктическэ джэгук1эхэр къагъэсэбэпын. |
| | 4 | 36 | Дохутыр джэгук1э сабийхэр гъэджэгун. |
| | | 37 | Къалэм щызек1э машинэхэр. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| *февраль* | 1 | 38 | Унагуэ Iэщхэр къэпщытэн. |
| | | 39 | УсакIэ ХьэкIыкIу Хьэсэн. усэ «Щынэ». |
| | 2 | 40 | Усэ «Щынэ» егъэщIэн. |
| | | 41 | Адэхэм я махуэ. |
| | 3 | 42 | Сурэт «Сабийхэр джабэм къожэх». |
| | | 43 | Тхум нэс добжэ. |
| | 4 | 44 | Гъэм и зэман, сурэт еплъын. |
| | | 45 | Таурыхъ «Iэлъэ». |
| *март апрель* | 1 | 46 | Гъатхэр къихьащ. Сурэт еплъын. |
| | | 47 | Мамэ псоми я махуэщ. Усэ «Мамэ» Хьэщыкъуей Олег. |
| | 2 | 48 | Унэм къыщыкI удз гъэгъахэр. |
| | | 49 | Зэманым екIуу зыдохуапэ. |
| | 3 | 50 | Плъыфэхэр къэпщытэн. Дидэктическэ джэгукIэхэр къагъэсэбэпын. |
| | | 51 | Таурыхъ «Хьэмрэ мыщэмрэ». |
| | 4 | 52 | Унэ псаущхьэхэм я щIэжьейхэр. |
| | | 53 | Мэз псэущхьэхэр. |
| | 1 | 54 | Дунейм дахэу зехуэпэж. |
| | | 55 | Бзухэр къолъэтэж. усэ «ПцIащхъуэ цIыкIу». |
| | 2 | 56 | Жыг зэхуэмыдэхэр. |
| | | 57 | Усэ «ШкIэщIэ», щIэжьейхэр къэщIэжын. |
| | 3 | 58 | Бжыгъэхэр, плъыфэхэр. |
| | | 59 | Хьэпшып зэмыфэгъухэр. |
| | 4 | 60 | Усэ «Гъатхэпэ». |
| | | 61 | Жыгхэр къогъагъэ. |
| *май* | 1 | 62 | Гъатхэм и сурэтхэмкIэ хъыбар зыхэгъувэн. |
| | | 63 | Гъатхэм и нэщэнэхэр. усэ «Уэшх» Таз Фатимэ. |
| | 2 | 64 | Сабий садым и щхъуэнтIагъэхэр. |
| | | 65 | Джэд къазхэр. Усэ «Нанэ маджэ». |
| | 3 | 66 | Удзхэр къокI. |
| | | 67 | БжэкIэ къыдощIэжь. |
| | 4 | 68 | Тэурыхъ доджэгу. |
| | | 69 | Усэ «Дыгъэ, дыгъэ», гъэмахуэм дыпожьэ. |

**Литература**:


11. Сабий садхэм папщIэ тхылъ. Ацкъан Ритэ. Нальчик, 2008г.
12. В.Н. Волочкова, Н.В. Степанова. Конспекты затятий в старшей группе детского сада. Экология. ТЦ Учитель. Воронеж, 2004г.
13. А.В.Аджи.Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. ТЦ Учитель. Воронеж, 2006г.
14. АфIаунэ Лиуан. Псынэ цIыкIу.
15. Хьэгъундокъуэ Рэмэзан. Лэгъупукъу.
16. Губжокъуэ Лиуан. Къэрабэ.
17. Тау Ф. НэкIуху.
18. Щоджэн Л. КъэщIэрей и Iыхьэ.
19. Хьэщыкъуей Олег. Дыгъэбзий.

20.Багъ Николай. Хрестоматия для дошкольного возраста.

**Тематическая проверка. Старшая группа.**

| Месяц | Неделя | №№ | Тема |
|---|---|---|---|
| ***сентябрь*** | 1 | 1 | Сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къэзыхутэ лэжьыгъэ (мониторинг уровня развития) |
| | | 2 | |
| | 2 | 3 | |
| | | 4 | |
| | 3 | 5 | Си щ1ыналъэр. |
| | | 6 | Усэ «Адыгэбзэ» Аф1эунэ Лиуан. |
| | 4 | 7 | Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрызгъэк1уар. |
| | | 8 | Сабий садым щылажьэхэм я махуэ. |
| ***октябрь*** | 1 | 9 | Таурыхъ «Хьэуазэр, дэпыр, джэшыр». |
| | | 10 | «Гъэм и зэманхэр» суратымк1э гъэлэжьэн. |
| | 2 | 11 | Плъыфэхэр ягу къэгъэк1ыжын. |
| | | 12 | «Сыт хуэдэ плъыфэ?» дедактическэ джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| | 3 | 13 | «Бажэмрэ мэзджэдымрэ» таурыхъым егъэдэ1уэн. |
| | | 14 | Бжьыхьэм и нэщэнэхэр. |
| | 4 | 15 | «Кхъужьей жумарт» Къэгъырмэс Б. |
| | | 16 | Макъ нэхъ къатехьэлъэхэм елэжьын. |
| ***ноябрь*** | 1 | 17 | Аф1эунэ Лиуан «Дыгъэ». |
| | | 18 | «Сыт джэдум шха нэужь зыщ1ыптхьэщ1ыр?» Шэджэхьэщ1э Хь. |
| | 2 | 19 | Анэхэм я махуэ. |
| | | 20 | Бжьыхьэм и к1эм сыт къэхъур. |
| | 3 | 21 | Бжьыхьэм и плъыфэхэр. |
| | | 22 | Унагъуэ псэущхьэхэр. |
| | 4 | 23 | К1эмыргуей Т. «П1эт1э». |
| | | 24 | Щ1ымахуэр ди щ1ып1эм щызых бзухэр. |
| ***декабрь*** | 1 | 25 | Гъэм и зэман къихьам-щ1ымахуэщ. |
| | | 26 | Щоджэн Леонид «Уэс пасэ». |
| | 2 | 27 | «Дыщэ к1анэ» таурыхъым къахуеджэн. |
| | | 28 | Хьэл-щэн къызэрык1 псалъэхэр «Залинэ и уэрэд» Нало Заур. |
| | 3 | 29 | Зэрабж бжыгъэхэр егъэщ1эн. |
| | | 30 | Хьэц1ык1у Хь. «Къуаргъ»-усэм къахуеджэн. |
| | 4 | 31 | Аф1эунэ Лиуан «Илъэсыщ1э», усэр гук1э егъэщ1эн. |
| | | 32 | Илъэсыщ1эр къэблэгъащ. |
| ***январь*** | 2 | 33 | Макъхэм теухуа усэ ц1ык1ухэм иригъуэзэн. |
| | 3 | 34 | Щоджэнц1ык1у А. «Щ1ымахуэ» рассказ. |
| | | 35 | Нало З. «Джэду ц1ык1у», усэ гук1э зэгъэщ1эн. |
| | 4 | 36 | Щ1ымахуэ мазэхэр къэпщытэжын. |
| | | 37 | Мэз псэущхьэ щ1ымахуэм. |
| ***февраль*** | 1 | 38 | «Сыхьэт» рассказым къахуеджэн. |
| | | 39 | Къармокъуэ Хь. «Л1ыжь ц1ык1умрэ Дыгъужьымрэ». |
| | 2 | 40 | «Ди адыгэбзэ, ди хабзэ дахэ»- адыгэбзэм и махуэщ. |
| | | 41 | Щ1агъуэ Н. «Хьэндрыкъуакъуэ». |
| | 3 | 42 | Къэралым и хъумак1уэхэм я махуэ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | 43 | Пхыт1ык1ы Ю. «Нанэ сэрэ», усэм къахуеджэн. |
| | 4 | 44 | Бейрэмыкъуэ 1. «Цыджанэ». Усэр гук1э зэгъэщ1эн. |
| | | 45 | «Нанэ деж хьэщ1ап1э док1уэ», рассказ зыхегъэлъхьэн. |
| **март** | 1 | 46 | Мартым и 8-р Ц1ыхубзхэм я махуэщ. |
| | | 47 | Аф1эунэ Лиуан «Удз гъэгъа сэ къэсщыпа». |
| | 2 | 48 | Къармокъуэ Хь. «Кърумрэ Бажэмрэ». Таурыхъым къахуеджэн. |
| | | 49 | К1эмыргуей Т. «Уэс к1экъинэ» усэ. |
| | 3 | 50 | Макъхэм теухуа псалъэрыджэгухэр. |
| | | 51 | К1эщт М. «Гъатхэ губгъэм». |
| | 4 | 52 | «Маф1эщхьэджэд» адыгэ тхьэлъэ1у. |
| | | 53 | Ц1ыхум и узыншагъэр ехъумэж. |
| **апрель** | 1 | 54 | Къулэбзухэм я махуэ. |
| | | 55 | 1эщ1агъэхэр егъэц1ыхун. Нэрылъагъу къэгъэсэбэпк1эрэ. |
| | 2 | 56 | Хьэнфэн А. «Къэхутак1э ц1ык1у. |
| | | 57 | Сабийхэм бзу абгъуэ ящ1. Суратымк1э гэлэжьэн. |
| | 3 | 58 | Гъатхэм къэлэгэж къуалэбзухэр. |
| | | 59 | Аф1эунэ Лиуан «Гъатхэ». |
| | 4 | 60 | Гъатхэ нэщэнэхэм суратк1э к1элъыгъэплъын. |
| | | 61 | Узыншагъэм и хьэщ1ап1эр. |
| **май** | 1 | 62 | Гъатхэ дахэр къэсащ. |
| | | 63 | Майм и 9-р тек1уэныгъэм и махуэщ. |
| | 2 | 64 | Тау Н. «Ужьэ псыхъуэрэ Уашхэ нэк1ут1эрэ»- таурыхъ. |
| | | 65 | Къагъырмэс Б. «Щихум и жэуап»-рассказ. |
| | 3 | 66 | Мэзым къыщык1 жыгхэр. |
| | | 67 | «Гуапагъэ» тхыгъэм къахуеджэн. |
| | 4 | 68 | Таурыхъ «Л1ыжь ц1ык1упмэ Дыгъужьымрэ». |
| | | 69 | Удэ гъэгъахэр къоушыж. |

**Литература**:


21. Сабий садхэм папщ1э тхылъ. Ацкъан Ритэ. Нальчик. 2008г.
22. В.Н. Волочкова, Н.В. Степанова. Конспекты затятий в старшей групие детского сада. Экология. ТЦ Учитель. Воронеж, 2004г.
23. А.В.Аджи.Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. ТЦ Учитель. Воронеж. 2006г.
24. Аф1аунэ Лиуан. Псынэ ц1ык1у.
25. Хьэгъундокъуэ Рэмэзан. Лэгъупукъу.
26. Губжокъуэ Лиуан. Къэрабэ.
27. Тау Ф. Нэк1уху.
28. Щоджэн Л. Къэщ1эрей и 1ыхьэ.
29. Хьэщыкъуей Олег. Дыгъэбзий.
30. Багъ Николай. Христоматия для детей дошкольного возраста.

**Тематический план. Подготовительная группа.**

| Месяц | Неделя | №№ | Тема |
|---|---|---|---|
| ***сентябрь*** | 1 | 1 | Сабийм и зэф1эк1ыр здынэсыр къэзыхутэ лэжьыгъэ (мониторинг уровня развития) |
| | | 2 | |
| | 2 | 3 | |
| | | 4 | |
| | 3 | 5 | Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрызгъэк1уар. |
| | | 6 | Гъэмахуэ нэщэнэхэр ягу къэгъэк1ыжын, жегъэ1эн. |
| | 4 | 7 | Усэ «Адыгэбзэ» Аф1эунэ Лиуан. |
| | | 8 | Сабий садым щылажьэхэм я махуэ. |
| ***октябрь*** | 1 | 9 | «Гъэм и зэманхэр» суратымк1э гъэлэжьэн. |
| | | 10 | Къэбэрдей – Балъкъэр. Ди Налшык къалэ. |
| | 2 | 11 | Ди лъэпкъым и народнэ инструментхэр. |
| | | 12 | Таурыхъ «Дыщэ к1анэ». |
| | 3 | 13 | Плъыфэхэр ягу къэгъэк1ыжын. |
| | | 14 | «Сыт хуэдэ плъыфэ?» дедактическэ джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| | 4 | 15 | «Кхъужьей жумарт» Къэгъырмэс Б. |
| | | 16 | Бжьыхьэм и нэщэнэхэр. |
| ***ноябрь*** | 1 | 17 | Аф1эунэ Лиуан «Бжьыхьэ». |
| | | 18 | Къэрмокъуэ Хь. «Хьэрэмыжьырэ хьэлэлыжьырэ». |
| | 2 | 19 | Анэхэм я махуэ. |
| | | 20 | Бжьыхьэм и к1эм сыт къэхъур. |
| | 3 | 21 | Бжьыхьэм и плъыфэхэр. |
| | | 22 | Унагъуэ псэущхьэхэр. |
| | 4 | 23 | К1эмыргуей Т. «П1эт1э». |
| | | 24 | Щ1ымахуэр ди щ1ып1эм щизых бзухэр. |
| ***декабрь*** | 1 | 25 | Гъэм и зэман къихьам-щ1ымахуэщ. |
| | | 26 | Нало Заур «Зазэрэ Зузэрэ» |
| | 2 | 27 | К1эрашэ Т. «Мыщэ и къуэ Бэтыр» таурыхъым къахуеджэн. |
| | | 28 | Хьэхъуп1ащ1э А. «Умынинэ Дадэ». |
| | 3 | 29 | Зэрабж бжыгъэхэр егъэщ1эн. |
| | | 30 | Хьэц1ык1у Хь. «Къуаргъ»-усэм къахуеджэн. |
| | 4 | 31 | Къэзан Ф. «Илъэсыщ1э», усэр гук1э егъэщ1эн. |
| | | 32 | Илъэсыщ1эр къэблэгъащ. |
| ***январь*** | 2 | 33 | 1эщ1агъэхэр егъэц1ыхун. Нэрылъагъу къэгъэсэбэпк1эрэ. |
| | 3 | 34 | Щоджэнц1ык1у А. «Щ1ымахуэ» рассказ. |
| | | 35 | К1эрашэ Т. «Мыщэ и къуэ Бэтыр» къегъэщ1эжын. |
| | 4 | 36 | Щ1ымахуэ мазэхэр къэпщытэжын. |
| | | 37 | Мэз псэущхьэ щ1ымахуэм. |
| ***февраль*** | 1 | 38 | Аф1эунэ Лиуан «Янэ усэ». |
| | | 39 | Тхылъыр си ныбжьэгъу пэж. |
| | 2 | 40 | «Ди адыгэбзэ, ди хабзэ дахэ»- адыгэбзэм и махуэщ. |
| | | 41 | Ди нэхъыжьхьэм п1щ1э худощ1. |
| | 3 | 42 | Къэралым и хъумак1уэхэм я махуэ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | 43 | Журт Б. «Къулбацицэ». таурыхъ. |
| | 4 | 44 | Хьэц1ык1у Хь «.ныбжьэгъу пэж». Усэр гук1э зэгъэщ1эн. |
| | | 45 | Тхьэмахуэ махуэхэр зэгъэщ1эн. |
| ***март*** | 1 | 46 | Мартым и 8-р Ц1ыхубзхэм я махуэщ. |
| | | 47 | Аф1эунэ Лиуан «Удз гъэгъа сэ къэсщыпа». |
| | 2 | 48 | Къармокъуэ Хь. «Бажэмрэ Хьэхэмрэ». Таурыхъым къахуеджэн. |
| | | 49 | К1эмыргуей Т. «Уэс к1экъинэ» усэ. |
| | 3 | 50 | Хьэх С. «Щыхьым и жыг». |
| | | 51 | К1эщт М. «Гъатхэ губгъэм». |
| | 4 | 52 | «Маф1эщхьэджэд» адыгэ тхьэлъэ1у. |
| | | 53 | Ц1ыхум и узыншагъэр ехъумэж. |
| ***апрель*** | 1 | 54 | Къулэбзухэм я махуэ. |
| | | 55 | Далэ А. «Доныжьц1ык1у и бжэнибгъур». |
| | 2 | 56 | Хьэнфэн А. «Къэхутак1э ц1ык1у. |
| | | 57 | Сабийхэм бзу абгъуэ ящ1. Суратымк1э гэлэжьэн. |
| | 3 | 58 | Гъатхэм къэлэтэж къуалэбзухэр. |
| | | 59 | Аф1эунэ Лиуан «Гъатхэ». |
| | 4 | 60 | Гъатхэ нэщэнэхэм суратк1э к1элъыгъэплъын. |
| | | 61 | Узыншагъэм и хьэщ1ап1эр. |
| ***май*** | 1 | 62 | Гъатхэ дахэр къэсащ. |
| | | 63 | Майм и 9-р тек1уэныгъэм и махуэщ. |
| | 2 | 64 | Аф1эунэ Лиуан «Къэрабэ». |
| | | 65 | Къагъырмэс Б. «Щихум и жэуап»-рассказ. |
| | 3 | 66 | Мэзым къыщык1 жыгхэр. |
| | | 67 | «Гуапагъэ» тхыгъэм къахуеджэн. |
| | 4 | 68 | Таурыхъ «Л1ыжь ц1ык1упмэ Дыгъужьымрэ». |
| | | 69 | Удэ гъэгъахэр къоушыж. |

**Литература**:


31. Сабий садхэм папщ1э тхылъ. Ацкъан Ритэ. Нальчик. 2008г.
32. В.Н. Волочкова, Н.В. Степанова. Конспекты затятий в старшей группе детского сада. Экология. ТЦ Учитель. Воронеж. 2004г.
33. А.В.Аджи.Конспекты интегрированных занятий в подготовительной к школе группе детского сада. ТЦ Учитель. Воронеж, 2006г.
34. Аф1аунэ Лиуан. Псынэ ц1ык1у.
35. Хьэгъундокъуэ Рэмэзан. Лэгъупукъу.
36. Губжокъуэ Лиуан. Къэрабэ.
37. Тау Ф. Нэк1уху.
38. Щоджэн Л. Къэщ1эрей и 1ыхьэ.
39. Хьэщыкъуей Олег. Дыгъэбзий.
40. Багъ Николай. Христоматия для детей дошкольного возраста.